*Dear God,*

*I confess sey I be sinner. I dey sorry. Please, make You forgive me. I wan stop to dey live dis kain life wey dey wit sin. I believe sey Your Son, Jesus die for my sin, You raise am from di dead, and e dey alive. I confess sey Jesus Christ na my Lord and Saviour, and invite am to begin dey reign for my heart from today. Jesus, I thank You, becos as You bin die for my sin so, I don get forgiveness and life wey no dey end. Amen.*

If you don pray like dis wit all your mind, we rejoice wit you becos you don become Baba-God pikin now (John 1:12-13).

### Wetin Pesin Go Do Next?

E dey important make you begin dey live life wey holy afta you don dey saved. Make you get one Bible and begin dey read am everi day. Everitin you suppose know about Baba-God, hin plan for you, and how you suppose live di kain life wey go make am happy dey inside Bible. Find one church or fellowship wey believe Bible for di area wia you dey live, wia dem go give you teaching wey go epp you grow inside Christ. Begin dey go there kwik-kwik and plan to dey go everi time. You fit write tell us about di new life wey you don get, for our website (Divine Literature International or Dove Letter Zone). Make you check oda free materials there wey fit epp you. Welcome to Baba-God family, friend!

*If dis Tract don bless you, make you share am give anoda pesin.*

**DIVINE LITERATURE INTERNATIONAL**

*~ We dey Spread di Gospel Everiwhere for World*

**www.divineliterature.org**
**www.doveletters.org**

Divine Literature International, na im write dis tract. We dey share am give pipo for free as di Lord dey bless us. **Dis tract no be for sale**. Make you please write tell us for our website, if pesin dey try sell am to you.

©Divine Literature International 2023

# ONE DOOR!



# JESUS

*Dear God,*

*I confess sey I be sinner. I dey sorry. Please, make You forgive me. I wan stop to dey live dis kain life wey dey wit sin. I believe sey Your Son, Jesus die for my sin, You raise am from di dead, and e dey alive. I confess sey Jesus Christ na my Lord and Saviour, and invite am to begin dey reign for my heart from today. Jesus, I thank You, becos as You bin die for my sin so, I don get forgiveness and life wey no dey end. Amen.*

If you don pray like dis wit all your mind, we rejoice wit you becos you don become Baba-God pikin now (John 1:12-13).

Wetin Pesin Go Do Next?

E dey important make you begin dey live life wey holy afta you don dey saved. Make you get one Bible and begin dey read am everi day. Everitin you suppose know about Baba-God, hin plan for you, and how you suppose live di kain life wey go make am happy dey inside Bible. Find one church or fellowship wey believe Bible for di area wia you dey live, wia dem go give you teaching wey go epp you grow inside Christ. Begin dey go there kwik-kwik and plan to dey go everi time. You fit write tell us about di new life wey you don get, for our website (Divine Literature International or Dove Letter Zone). Make you check oda free materials there wey fit epp you. Welcome to Baba-God family, friend!

*If dis Tract don bless you, make you share am give anoda pesin.*

**DIVINE LITERATURE INTERNATIONAL**

*~ We dey Spread di Gospel Everiwhere for World*

**www.divineliterature.org**
**www.doveletters.org**

Divine Literature International, na im write dis tract. We dey share am give pipo for free as di Lord dey bless us. **Dis tract no be for sale**. Make you please write tell us for our website, if pesin dey try sell am to you.

©Divine Literature International 2023

ONE DOOR!



JESUS

**You Don hear?** Everi day we dey sleep, wake up, na im we dey near di end of our time hia for earth, and all of us get one final place wey we go land wen we comot. Na only two place pesin fit find imsef afta death: Heaven or Hell. Everitin wey dey sweet pesin na im dey Heaven. Joy no dey end there (Revelation 22:1-5); but na plenti sofa dey hell. Na di kain pain wey human being no go fit bear dey there (Matthew 13:41-42). You no wan feel am! If pesin no gree repent of hin sin, and no care sef to find forgiveness bifor e die, na sure tin sey e go land inside hell. Na judgement for sin be dat.

Na only one Door dey lead pesin to Heaven. Di Door na Jesus Christ (John 10:9). Na only tru Christ we fit enta for relationship wit Baba-God and get life wey no dey end. On top dat, na tru Jesus Christ all di promise wey Baba-God give us, dey take happun (2 Corinthians 1:20). Na hin name we dey take receive blessing (1 Corinthians 8:6). We dey receive blessing wit hin name, becos Baba-God love pipo wey love hin Son and believe sey e come from am (John 16:23-27). Di promise wey important pass na forgiveness promise, wey go happun wen pesin don surrender to Christ. Pipo wey surrender to am no go land for inside lake of faya - dem go get life wey no dey end (John 3:16).

Christ dey call pipo wey follow am, "*Sheep*" (John 10:26-29). E be Door and Shepherd for hin sheep. As di Shepherd, Christ dey guide, dey protect, and dey provide for hin sheep (John 10:7). Sheep wey no get shepherd, no go get defence. Animal wey wild and oda tins wey fit destroy go attack dem. Satan (di lion wey dey always halla) dey very busy and ready to tief from pesin, kill pesin, and destroy pesin. As di Door, Christ dey keep hin sheep inside hin fold, to protect dem from Satan and di wicked pipo e dey use do hin evil work.

You no go choose to receive Christ as your Lord and Saviour today? E come earth, make you for get life, and to get am yanfu-yanfu (John 10:10). No dey delay your Salvation Day. Receive Christ now; tomorrow fit dey too late!

### How Pesin fit Receive Jesus Christ Today?

*Bible tok sey, if you use your mouth confess sey Jesus Christ na Lord, and you believe for your heart sey Baba-God raise am from di dead, you go dey saved (Romans 10:9).*

1. Make you agree sey you be sinner.
2. Make you dey ready to turn from your sin.
3. Make you believe for your heart sey Jesus Christ die for your sin on top Cross and rise from di dead.
4. Con bow your head tok di prayer wey dey for next page.

**You Don hear?** Everi day we dey sleep, wake up, na im we dey near di end of our time hia for earth, and all of us get one final place wey we go land wen we comot. Na only two place pesin fit find imsef afta death: Heaven or Hell. Everitin wey dey sweet pesin na im dey Heaven. Joy no dey end there (Revelation 22:1-5); but na plenti sofa dey hell. Na di kain pain wey human being no go fit bear dey there (Matthew 13:41-42). You no wan feel am! If pesin no gree repent of hin sin, and no care sef to find forgiveness bifor e die, na sure tin sey e go land inside hell. Na judgement for sin be dat.

Na only one Door dey lead pesin to Heaven. Di Door na Jesus Christ (John 10:9). Na only tru Christ we fit enta for relationship wit Baba-God and get life wey no dey end. On top dat, na tru Jesus Christ all di promise wey Baba-God give us, dey take happun (2 Corinthians 1:20). Na hin name we dey take receive blessing (1 Corinthians 8:6). We dey receive blessing wit hin name, becos Baba-God love pipo wey love hin Son and believe sey e come from am (John 16:23-27). Di promise wey important pass na forgiveness promise, wey go happun wen pesin don surrender to Christ. Pipo wey surrender to am no go land for inside lake of faya - dem go get life wey no dey end (John 3:16).

Christ dey call pipo wey follow am, "*Sheep*" (John 10:26-29). E be Door and Shepherd for hin sheep. As di Shepherd, Christ dey guide, dey protect, and dey provide for hin sheep (John 10:7). Sheep wey no get shepherd, no go get defence. Animal wey wild and oda tins wey fit destroy go attack dem. Satan (di lion wey dey always halla) dey very busy and ready to tief from pesin, kill pesin, and destroy pesin. As di Door, Christ dey keep hin sheep inside hin fold, to protect dem from Satan and di wicked pipo e dey use do hin evil work.

You no go choose to receive Christ as your Lord and Saviour today? E come earth, make you for get life, and to get am yanfu-yanfu (John 10:10). No dey delay your Salvation Day. Receive Christ now; tomorrow fit dey too late!

### How Pesin fit Receive Jesus Christ Today?

*Bible tok sey, if you use your mouth confess sey Jesus Christ na Lord, and you believe for your heart sey Baba-God raise am from di dead, you go dey saved (Romans 10:9).*

1. Make you agree sey you be sinner.
2. Make you dey ready to turn from your sin.
3. Make you believe for your heart sey Jesus Christ die for your sin on top Cross and rise from di dead.
4. Con bow your head tok di prayer wey dey for next page.